

Ñaareelu bataaxal bi Yàlla may YOWAANA, mu bind ko

¹ Man njiit li maa leen di bind, yaw soxna su tedd si, yaw ak say doom. Bëgg naa leen bu wér ci sama xol, jéllale naa sama bopp sax, waaye itam képp ku xam dëgg gi. ² Te dëgg gee tax nuy def noonu, dëgg gi dëkk ci nun, tey ànd ak nun ba fàww. ³ Yàlla Baay bi ak Yeesu Kirist, Doomu Baay bi, dinañu nu may yiw, yërmande ak jàmm, ànd ak dëgg ak mbëggeel.

Dund ci dëgg ak mbëggeel

⁴ Gis naa ci say doom, ñuy jaar ci tàñki dëgg, ni nu ko Baay bi digale, te bég naa ci lool. ⁵ Léegi nag soxna si, maa ngi lay dénki lii: nun ñépp nanu bëggante, te loolu du dénkaane bu bees, waaye moom lanu jotoon ca njàlbéen ga. ⁶ Lii mooy mbëggeel: nu wéer sunug dund ci ndigali Yàlla; loolu mooy ndigalam, la nu jotoon ca njàlbéen ga, te ci lanu wara jaar.

⁷ Maa ngi wax loolu nag, ndaxte am na ñuy sàñke ñu bare, ñu tasaaroo ci àddina, te nanguwuñu ne Yeesu Kirist wàcc na, nekk nit. Kooku aji sàñke la, di Bañaaleb Kirist. ⁸ Kon moytuleen, ngir baña ñàkk seen añub coono, waaye ngeen am yool bu mat sèkk. ⁹ Képp ku saxul ci dénkaaney Kirist, xanaa di ko weesu, bokkul ci Yàlla; ku sax ci dénkaane yi, bokk nga ak Baay bi ak Doom ji. ¹⁰ Ku ñëw fi yaw, te indaalewul dénkaane yooyu, waxuma nga bañ koo teeru rekk, waaye bu ko nuyu sax. ¹¹ Ku ko nuyu, bokk nga ciy ñaawteefam.

¹² Bëggoon naa leena wax lu bare ci bataaxal bii, waaye lépp xajul ci kayit. Kon nag fas naa yéenee ñëw, ba jàkkaarlook yéen, nu waxtaan ci, ngir sunu mbég mat sékk. ¹³ Say doomi rakk, ji Yàlla tànn, ñu ngi lay nuyu.

Téereb Injiil
The New Testament in Wolof, 2010 version.
Le Nouveau Testament en langue Wolof, revision de 2010

copyright © 2010 La Mission Baptiste du Sénégal

Language: Wolof

Dialect: Regional Wolof

Translation by: La MBS

For full copyright statement, see <http://sng.al/copyright>

This translation is made available to you under the terms of the Creative Commons Attribution-Noncommercial-No Derivatives license 4.0.

You may share and redistribute this Bible translation or extracts from it in any format, provided that:

You include the above copyright and source information.

You do not sell this work for a profit.

You do not change any of the words or punctuation of the Scriptures.

Pictures included with Scriptures and other documents on this site are licensed just for use with those Scriptures and documents. For other uses, please contact the respective copyright owners.

2020-07-09

PDF generated using Haiola and XeLaTeX on 27 Jul 2022 from source files dated 17 Jul 2020

79742756-9e1e-54a8-8cef-3115026c278e